



**Kijan pou w
evite Ladetrès
Dèt Prè Etidyan
Konsèy + Èd ak
Resous Gratis**

ANNDAN:

Anvan ou enskri nan yon lekòl oswa yon pwogram fòmasyon paj 3

Anvan ou pran prè pou etidyan pou tèt ou oswa pou yon pitit paj 4

Lè ou gen prè etidyan paj 6

Èd ak Resous Gratis paj 9



Bill de Blasio
Mayor

Consumer and
Worker Protection

Lorelei Salas
Commissioner

Anvan ou enskri nan yon lekòl oswa yon pwogram fòmasyon

Lekòl oswa pwogram fòmasyon ou chwazi a ta dwe gen bon repitasyon, epi, nou swete, yon bon pri. Sèvi ak konsèy sa yo pou ede ou nan rechèch ou an. Tanpri li “Anvan ou pran prè pou etidyan pou tèt ou oswa pou yon pitit” tou.

Konsidere opsyon edikasyon ak fòmasyon pou adilt ki gratis ak bon mache.

Resous Depatman Edikasyon Vil New York

Al gade nan schools.nyc.gov oswa rele **311** epi mande enfòmasyon sou:

- fason pou jwenn diplòm etid segondè ou oswa Tès Evalyasyon pou Fini Etid Segondè (Test Assessing Secondary Completion, TASC); oswa
- èd pou prepare w pou enskri nan inivèsite oswa kòmanse fòmasyon pwofesyonèl; oswa
- opsyon nan fòmasyon, tankou Sant Aprantisaj pou Adilt nan Brooklyn, Manhattan, Queens, ak Bronx.

Lòt Resous

- Inivèsite Minisipal New York (City University of New York, CUNY): cuny.edu
- Inivèsite Deta New York (State University of New York, SUNY): suny.edu
- bibliyotèk piblik: nypl.org; bklynlibrary.org; queenslibrary.org
- òganizasyon kominotè
- Sant Karyè Workforce1: nyc.gov/sbs

Ou **pa bezwen enskri nan yon inivèsite prive pou pran klas pou ede ou jwenn TASC ou.**

Evite lekòl pwofesyonèl oswa lekòl komès ki pa gen lisans yo.

Si ou ale nan yon lekòl pwofesyonèl ki pa gen lisans, ou p ap ka pran egzamen pou vin gen lisans nan plizyè domèn. Rele Depatman Edikasyon Eta New York nan (212) 643-4760 oswa (518) 474-3969 pou tcheke si yon lekòl pwofesyonèl oswa lekòl komès gen lisans.

Fè Rechèch.

Fè rechèch sou plizyè lekòl anvan ou deside kiyès ki bon pou ou. Mande enfòmasyon sou konbyen nan patisipan yo ki gradye ak fini ak pwogram nan, mwayèn kantite dèt prè etidyan pami sa ki gradye yo, ak si w ap ka transfere kredi yo nan lòt lekòl.

Fè rechèch endepandan tou. Sèvi ak rezo ou pou pale ak ansyen elèv ki te fini ak pwogram nan, epi apwoche elèv

ki nan pwogram nan lè ou al vizite yo. Kontakte patwon nan domèn ou vle entegre a epi mande si lekòl oswa pwogram ou anvi ale ladan an apwopriye. Konpare pri pwogram yo nan diferan lekòl, chèche nenpòt nouvel negatif oswa plent nan tribinal kont lekòl ou konsidere yo, epi konpare nenpòt ki done sou salè ak plasman nan travay lekòl la bay ak done ofisyèl nan College Scorecard ak College Navigator.

Sonje: Si yon lekòl oswa yon pwogram fòmasyon sanble li twò bon pou li vre, ou kapab gen rezon.

Tcheke akreditasyon lekòl yo (jeneral, rejyonal, enstitisyonèl ak pwogramatik), ansanm ak akreditè yo.

Swiv etap sa yo:

1. Pou konnen si se yon lekòl ki gen akreditasyon, al gade nan www.ed.gov/accreditation.
2. Pou verifye akreditasyon pwogramatik, tcheke sitwèb ajans Eta a, pwofesyonèl, oswa akreditation ki gen pou wè ak domèn ki entere ou a. Kèk pwogram, tankou swen dan, se akreditè pou metye a menm ki bay akreditasyon, epi pou w jwenn yon travay nan domèn nan, w ap bezwen patisipe nan yon pwogram akreditasyon.

Remak: Akreditasyon pa garanti ni kalite lekòl la, ni posiblite pou transfere kredi yo. Gade **Rechèch** pou jwenn konsèy sou kijan pou w evalye kalite lekòl la.



Si ou ale nan yon lekòl ki pa gen akreditasyon, ou ka pa kapab jwenn aksè nan èd finansyèl federal, transfere kredi nan yon lekòl ki gen akreditasyon, epi jwenn yon travay nan domèn ou entere ou a.

Pa enskri nan jou ou vizite yon lekòl.

Anvan ou enskri, ou bezwen konprann konbyen pwogram lan ap koute ak kijan ou pral peye li. Si lekòl la di pou kontra a disponib sèlman nan jou sa a, jete w. Li enpòtan pou w verifye akreditasyon ak èd finansyèl poukont ou anvan ou siyen nenpòt dokiman lekòl la.

Pa janm siyen okenn bagay ou pa konprann.

Si yon lekòl ba pou presyon pou ou siyen yon kontra oswa akò menm lè a, jete w. Toujou pote fòm enpòtan yo lakay ou pou ou kapab li yo avèk anpil atansyon epi revize yo ak moun ou fè konfyans.

Evite lekòl ki "garanti travay" apre ou fin gradye.

Yon lekòl pa ka garanti ou pral jwenn yon travay lè ou gradye. Anpil fwa, lekòl ki fè kalite pwomès sa yo pa mete ou nan yon travay. Pou konprann si yon lekòl se yon bon envestisman, mande enfòmasyon sou kantite patisipan yo te fè jwenn yon travay pami tout patisipan yo; ki sèvis karyè ki disponib pou ede w nan rechèch travay ou; mwayèn salè pou kòmanse travay nan domèn ki enterese ou a; ak rezo ansyen etidyan li yo

pou ou ka pale ak moun ki deja gradye yo sou opòtinite pou karyè. Tcheke tou LinkedIn pou wè ki kote moun k ap travay nan domèn ki enterese ou a te etidye.

Mande politik lekòl la pou moun ki soti nan pwogram nan alekri.

Règleman an ta dwe dekri kijan ou kapab jwenn yon ranbousman si ou bezwen anile oswa soti nan pwogram nan. Malerezman, apre w fin enskri pou klas yo, li ka difisil pou yo remèt ou lajan ou. Si yon lekòl pa vle ba ou yon kopi règleman pou moun ki vle soti nan pwogram nan, konsidere yon lòt lekòl.

Depoze yon plent.

Rele 311 oswa ale nan nyc.gov/dca pou deposite yon plent kont yon lekòl edikasyon siperyè.

Anvan ou pran prè pou etidyan pou tèt ou oswa pou yon pitit

Fason ou finanse edikasyon siperyè *kounye a* ka afekte ou finansyèman pandan plizyè ane. Sèvi ak konsèy sa yo pou ede ou avèk desizyon finansman ou yo.

Ranpli Aplikasyon Gratis pou Èd Etidyan Federal (Free Application for Federal Student Aid, FAFSA) la chak ane ou gen plan ale lekòl.

FAFSA a detèmine ki pwogram asistans federal, eta, ak lekòl ak prè etidyan ou kalifye pou resevwa, tankou Pell Grant ak Pwogram Asistans ak Frè Lekòl (Tuition Assistance Program, TAP) Eta New York. Kèk pwogram, tankou **sibvansyon**, bay lajan pou peye frè lekòl ou pa bezwen remèt. Men, pou yon **Prè**, w ap bezwen remèt li ak enterè.

Enpòtan: Toujou konsidere pwogram asistans ak prè federal *anvan* ou al prete nan konpayi prive. Prè etidyan federal la gen plis pwoteksyon pou moun ki prete a epi jeneralman li gen yon to enterè ki pi ba. Ou dwe ranpli FAFSA a pou kalifye pou prè etidyan federal.

Li lèt ofrann èd finansye ou a ak anpil atansyon.

Anpil lekòl ap voye w yon lèt pou ofri ou èd finansye — souvan yo rele yo yon "Lèt Rekonpans" — lè yo aksepte ou nan lekòl la. Li enpòtan pou w li lèt sa a ak anpil atansyon pou w konnen kisa y ap ofri a ak sa w ap gen pou peye pou edikasyon ou. Souvan "èd la" se yon melanj ak sibvansyon, prè ak pwogram travay-etid (lajan ou ka touche nan travay a tan pasyèl kalifye ak lekòl la). Lèt

la kapab mansyone prè opsyonèl tankou prè Parent PLUS, paran ou pral gen pou remèt. Chak kalite prè gen yon to enterè diferan ak diferan opsyon pou anile li. Sa vle di, kèk prè ofri pi bon dil pase lòt.

Konprann risk ki genyen nan prè Parent PLUS yo.

Si ou pran yon prè Parent PLUS pou yon timoun, w ap gen pou kòmanse peye kou yo bay lajan an, amwenske ou mande pou mete li pou pita. Si ou mete li pou pita, enterè pral fè pil sou prè a epi peman ou yo pral pi wo lè ou kòmanse peye. Si ou pa kapab peye pandan pitit ou a enskri nan lekòl la, pitit ou a gendwa pa ka enskri pou klas. Prè Parent PLUS yo pa vini ak menm plan ranbousman ki baze sou revni lòt prè etidyan federal yo ofri yo.



Si ou aplike pou yon prè Parent PLUS, pretè yo pral verifye kredi ou. Nenpòt peman ou fè oswa ou pa fè pral afekte kredi ou. Si ou pa peye, yo ka sezi salè ranbousman taks, ak peman Sekirite Sosyal ou.

Ou pa kapab transfere prè Parent PLUS ou bay pitit ou. Se paran an ki responsab pou remèt lajan an.

Konnen konbyen w ap bezwen prete epi pa aksepte plis pase montan sa a.

Kreye yon bidjè pou detèmine kantite prè ou pral bezwen an ak konbyen ou panse w ap ka peye apre gradyasyon. Eseye Kalkilatrè Prè FinAid la nan finaid.org/calculators/loanpayments.phtml.

Yon règ senp se pa prete plis pase sa ou panse ou pral ka peye chak ane nan premye ane ou apre gradyasyon. Pafwa, pretè yo ap ofri ou plis pase sa ou bezwen pou peye pou edikasyon ou. Ou pa oblije aksepte yon pi gwo montan. Lè ou prete twòp sa vle di ou pral bezwen peye plis enterè alalong.

Mande pri epi konpare prè etidyan prive yo sèlman apre ou te itilize tout prè etidyan federal, pwogram travay-etid, bous ak sibvansyon.

Pale ak plizyè pretè epi konpare akò yo pou wè kiyès ki pi bon pou ou. Prè etidyan prive yo ka gen plis enterè pase prè etidyan federal yo; yo ka mande pou w kòmanse peye pandan ou deja lekòl; epi ou ka gen plis enterè ki varye, ki vle di yo ka ogmante apre yon tan. Plis nòt kredi ou wo — ak pa moun k ap siyen ak ou a si ou chwazi youn — to enterè a ap pi ba. *Remak:* Moun ki siyen ak ou a ap responsab pou peye dèt la si ou pa peye prè a.

Konpare frè yo, ki ka ogmante pri pou yon prè, epi fè li pi chè. Konpare dire prè yo tou — kantite ane li pran pou fin peye dèt la. Jeneralman plis dire a long, se plis ou pral peye.

Pa janm siyen okenn bagay ou pa konprann.

Si yon lekòl ba pou presyon pou ou siyen yon kontra oswa akò menm lè a, jete w. Toujou pote fòm enpòtan yo lakay ou pou ou kapab li yo avèk anpil atansyon epi revize yo ak moun ou fè konfyans.

Pa bliye konsidere alontèm.

Yon pwogram degre bachelye tipik pran kat (4) a sis (6) ane pou fini, epi gen yon limit sou konbyen lajan ou ka prete nan prè etidyan federal. Asire ou w ap kapab peye frè lekòl la ak depans pou viv pandan tout tan li pran pou w fini ak pwogram nan. Kenbe nan tèt ou èd yo ofri yo gen tandans pi wo pandan premye ane a epi li ka bese pita.

Si ou panse ou ka bezwen pran klas ratrapaj, konsidere CUNY Start, ki bay preparasyon pou inivèsite entansif pou yon bon pri.

Epitou asire ou w ap ranbouse prè a lè ou gradye. Sof pou ka ki ra, yo p ap anile prè etidyan menm si ou fè fayit.

Fè atansyon pou w pa pran twòp dèt.

Asire w ou konprann kondisyon nenpòt prè epi w ap ka peye li. Se menm bagay la pou paran ou yo si yo anvizaje

prè Parent PLUS federal oswa yo vle siyen ak ou pou prè etidyan prive. Yon prè ka bese nòt kredi ou si ou pa remèt yo a tan, epi jeneralman yo p ap anile prè etidyan menm si ou fè fayit. Si ou gen yon dèt prè etidyan ou pa peye, konpayi ki kolekte dèt yo ka mennen ou nan tribinal, epi si yo genyen yo ka sezi salè ou epi plase yon chaj kont pwopriyete ou. Si ou gen dèt prè etidyan ou pa peye yo ka sezi salè ou, ak sezi ranbousman taks oswa peman Sekirite Sosyal ou yo.

Konnen dat pou w kòmanse peye a pou w pa rate okenn peman.

Prè etidyan federal ak kèk prè etidyan prive pèmèt ou mete dat peman yo pou pita pandan ou lekòl ak pou sis (6) mwa apre gradyasyon. Yo rele sa yon peryòd gras. Kèk prè, tankou prè Parent PLUS, mande pou w peye kou yo ba w lajan an. Gade seksyon sou prè Parent PLUS la.

Enpòtan: Kèk prè, tankou prè federal *ki pa sibvansyone*, ka akimile enterè pandan ou lekòl ak pandan peryòd gras la. Prè *sibvansyone* yo pa akimile enterè pandan ou lekòl oswa pandan peryòd gras la.

Lè ou gen prè etidyan

Zafè ranbouse dèt prè etidyan ka mangonmen. Men, lè ou peye anreta — oswa ou pa peye ditou — sa ka gen yon gwo konsekans grav ki dire anpil tan. Sèvi ak konsèy sa yo, tankou fason pou bese kantite ou gen pou peye chak mwa, retire ou sou lis moun ki pa peye yo, oswa jwenn aksè nan opòtinite pou padon pou prè, pou ede ou planifye ak pwoteje tèt ou.

Tout Moun ki Gen Prè Etidyan

- Kenbe kopi dokiman prè yo ou siyen fas-a-fas ak pa mwayen elektwonik.

Enpòtan: Biyè dèt la vrèman enpòtan paske se yon kontra jiridik ou siyen pou pwomèt ou pral ranbouse prè a, plis enterè, ak nenpòt lòt frè. Biyè dèt la bay detay sou dire ak kondisyon prè a, opsyon pou ranbouse, ak sa ki pase si ou pa peye.

- Chèche èd nan yon Sant Otonomi Finansye Vil New York (gade **ÈD GRATIS**) si ou pa konprann tout kondisyon ki nan dokiman prè etidyan ou a, tankou to enterè ak konbyen tan li pral pran pou ranbouse prè ou a.
- **Konnen dat pou w kòmanse peye a pou w pa rate okenn peman.**
 - Prè etidyan federal ak kèk prè etidyan prive pèmèt ou mete dat peman yo pou pita pandan ou lekòl ak pou sis (6) mwa apre gradyasyon. Yo rele sa yon peryòd gras.

Enpòtan: Kèk prè, tankou prè federal ki pa sibvansyone, ka akimile enterè pandan peryòd gras la. Ou pa oblije peye pandan peryòd gras la. Sepandan, ou ka responsab pi devan pou peye enterè ki akimile pandan peryòd gras la.

- Ou dwe peye prè ou a selon plan ranbousman an menm si ou pa resevwa yon bòdwo oswa avi pou peye.
- *Si ou gen yon moun ki siyen ak ou pou prè etidyan ou an*, asire w ou menm ak moun ki siyen an ou dakò sou ki moun ki pral peye li. Moun ki siyen ak ou a se yon pretè tou epi l ap responsab pou peye dèt la si ou pa peye prè a.

Moun ki Gen Prè Etidyan Prive

- Prè etidyan prive yo se pretè prive tankou bank, pretè sou entènèt, ak koperatif kredi ki bay yo. Prè etidyan yo pa pral parèt nan rapò Sistèm Done Prè Etidyan Nasyonal (National Student Loan Data System, NSLDS) la men li ka disponib nan rapò kredi ou, epi ou ka jwenn li gratis nan annualcreditreport.com.
- Biwo èd finansye lekòl ou a ka gen enfòmasyon sou prè prive ou a tou.

Remak: Kontrèman ak prè etidyan federal yo, prè etidyan prive yo pa gen anpil nan pwoteksyon yo ofri pretè prè etidyan federal yo tankou plan ranbousman ki baze sou salè ak padon pou prè.

Enpòtan: Si w ap konsidere refinanse oswa konsolide prè etidyan prive, sonje kondisyon yo gen anpil chans pou yo chanje to enterè ou ak konbyen tan li pral pra pou fin peye dèt la. Chèche èd pou konprann kondisyon nenpòt prè ou konsidere.

Moun ki Gen Prè Etidyan Federal

- Pou jwenn plis enfòmasyon sou prè etidyan ou yo, tankou konbyen ou dwe, to enterè, nan ki pwen ranbousman prè rive, ak non konpayi sèvis prè ou a, suiv etap sa yo:
 - Ale sou studentaid.ed.gov to [kreye ID Èd Federal Etidyan \(Federal Student Aid, FSA\)](#) ou si ou pa deja gen youn. *Remak:* ID FSA a se menm non itilizatè ak modpas ou te itilize lè ou te ranpli aplikasyon w lan gratis pou Èd Federal Etidyan (FAFSA) a.
 - Avèk ID FSA ou, konekte nan NSLDS.ed.gov.
 - Sèvi ak NSLDS pou konnen konbyen ou dwe ak kiyès ki konpayi sèvis prè ou a. Yon **konpayi sèvis** jere prè ou yo epi li pral pwen kontak prensipal ou lè w ap ranbouse prè ou a, chwazi yon plan peman, konsolide prè ou a, oswa reponn kesyon ou yo.

Moun ki Gen Prè Etidyan Federal k ap Chèche Plan Peman ki Baze sou Revni

Ou kapab kalifye pou fè peman ki baze sou revni ou.

- **Opsyon Plan ranbousman ki baze sou revni** an mete peman prè chak mwa sou yon kantite ki baze sou revni ou ak kantite moun ki nan fanmi ou. Selon revni ou, peman ou ta ka desann jiska \$0 pa mwa. Si ou pa kalifye pou opsyon sa yo, ou ka kalifye pou yon plan ranbousman gradye ki pèmèt ou fè pi piti peman inisyal epi ki ogmante apre yon tan. Plan ranbousman gradye sa a te kapab pwolonje peryòd ranbousman ou epi ogmante kantite lajan total ou peye nan enterè prè a.

Anile Prè Etidyan Federal

Gen plizyè kalite fason pou anile prè etidyan federal. "Anile" vle di ou pa oblije peye lajan ou dwe pou prè etidyan w la ankò akòz sèten sikonstans. Pa egzanp, gen posiblite pou w kalifye pou yon kalite padon prè etidyan ki rele "[defans pretè](#)" si ou te pran prè pou patisipe nan yon lekòl ki te desevwa ou sou chans pou w jwenn yon travay oswa jwenn sètifikasyon oswa lisans nan domèn etid ou a, to gradyasyon lekòl la, salè ou touche apre gradyasyon, oswa pri pou edikasyon nan lekòl la. Si inivèsite oswa lekòl pwofesyonèl ou te enskri a oswa touswit apre ou kite lekòl, ou ka kalifye pou yon "[anilasyon lekòl fèmen](#)" pou prè federal etidyan ou yo. Lòt fason pou anile gen ladan Kapasite pou Jwen Avantaj pou Anile, Anile pou Moun ki gen Andikap Total ak Pèmanan, ak [plis toujou](#). Ou ka vle chèche asistans legal avèk aplikasyon ou pou anile prè ou a.

Pwogram Padon Prè Eta New York

Eta a ofri lòt pwogram padon pou moun ki nan sèten pwofesyon ki kalifye.

Epitou, gen Pwogram Get on Your Feet Eta New York la, ki ofri jiska 24 mwa padon pou prè bay rezidan New York ki te gen yon degre 4 lane nan yon inivèsite Eta New York nan mwa desanm 2014 oswa apre sa, ki gen yon revni avan dedikasyon ki mwens pase \$50,000, epi ki satisfè kondisyon pou kalifye yo. Jwenn Plis Enfòmasyon nan [hesc.ny.gov](#).

Pou wè plan peman varye yo ak divès kalite opsyon ou yo, ale nan [StudentLoans.gov](#) epi konekte nan [zouti Estimativ Ranbousman](#) an ak ID FSA ou.

Enpòtan: Ou dwe kontakte founisè sèvis prè a pou chwazi ak enskri nan yon plan.

- Ou ka anmezi pou konsolide prè Perkins ak Prè Edikasyon Fanmi Federal (Federal Family Education Loan, FFEL) pou ou kalifye pou yon plan ranbousman ki baze sou revni tankou Peyè Lè w Touche (Pay As You Earn, PAYE) oswa Peyè Lè w Touche Revize (Revised Pay As You Earn, REPAYE).

Enpòtan: Fè atansyon ak ki prè ou mete nan konsolidasyon, epi evite konsolide prè Parent PLUS ak prè etidyan ou te pran pou peye pwòp edikasyon ou paske ou ka pèdi aksè nan pi bon plan ranbousman.

Si w ap konsidere refinsman prè etid federal ou a nan yon prè etidyan prive:

- Konprann ou pral pèdi aksè nan opsyon peryòd gras, posiblite pou peye pita, ranbousman ki baze sou revni, reyabilitasyon, ak konsolidasyon ki dekri nan feyè sa a, ansanm ak opsyon pou padone ak anile dèt la ki disponib sèlman pou prè etidyan federal yo.

Moun ki Gen Prè Etidyan K ap Chèche Padon pou Prè yo

Nan sèten sityasyon, ou ka kalifye pou yo padonnen oswa anile prè etidyan federal ou a, ki vle di ou pa bezwen ranbouse li ankò.

- Prè ki fèt anba **Pwogram Prè Perkins Federal** la ka kalifye pou padon si ou travay nan sèten

pwofesyon tankou ponpye, lapolis, enfimyè, pwofesè, oswa travayè sosyal. Pou jwenn plis enfòmasyon sou opsyon sa a [ale sou](#) [studentaid.ed.gov](#).

- **Pwogram Padon pou Prè Sèvis Piblik (Public Service Loan Forgiveness, PSLF)** la padone lajan ki rete nan Prè Dirèk ou yo apre ou te fè 120 peman kalifye pa mwa anba yon plan ranbousman kalifye pandan w ap travay a plen tan pou yon patwon ki kalifye. Ou ka anmezi pou konsolide prè FFEL nan yon Prè Dirèk pou kalifye pou PSLF.
 - Asire w ou konprann [ki travay ki kalifye pou](#) PSLF ak [ki prè ki kalifye](#). Ale sou [StudentLoans.gov](#) pou aprann kijan pou aplike.
 - Si ou deside yo patisipe nan pwogram nan, patwon ou ap bezwen [sètifye travay ou](#) pou ou pou w kalifye pou padon prè, ki kòmanse apre 120 peman ki kalifye.

Enpòtan: Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Service, IRS) pa konsidere PSLF taksab. Men lòt pwogram padon dèt tankou Pwogram Get On Your Feet (Kanpe sou Pye ou) New York yo taksab, ki vle di ou pral dwe taks sou montan yo padone nan pwogram lan. Tanpri konsilte yon pwofesyonèl taks ak kesyon.

Moun ki gen Prè Federal Etidyan yo Pa Peye

Ou gen de (2) opsyon, epi ou ka itilize yo chak sèlman yon fwa.

1. **Reyabilitasyon** egzije pou ou fè nèf (9) peman nan yon peryòd 10 mwa. Si ou pa kapab peye montan yo mande a, ou ka negosye yon peman "rezonab ak abòdab" chak mwa (apati \$5 pa mwa) ak kolektè dèt la oswa konpayi sèvis prè ki te kontakte ou sou dèt ou a.

Lè ou regle prè a, y ap retire prè ou pa te peye a sou rapò kredi ou epi ou ka retounen peye konpayi sèvis prè ou a. Menm si rapò kredi ou a pa ka montre lajan ou pa te peye alè, y ap toujou mete ou te rate peman sou rapò kredi ou pandan sèt (7) lane. Tipikman, yo peye frè kolèk (jiska 16 pousan nan balans lan prè ki poko peye) pou rezoud prè a epi yo ka ajoute nan balans prè ou.

2. **Konsolidasyon**, ki mete prè ou te gen avan yo ansanm pou fè yon nouvo prè, ofri yon wout pou regle kont ou pi vit. Konsolidasyon ka bese peman chak mwa ou kote li ba ou plis tan pou peye dèt ou (jiska 30 lane).

Lè ou konsolide, lajan ou dwe nan ansyen prè ou a ap rete sou rapò kredi ou pou jiska sèt (7) lane. Yo ka ajoute frè kolèk ki jiska 18.5 pousan nan balans prè ki poko peye a nan nouvo prè konsolidasyon ou a. Lè ou konsolide prè ou yo ou pral pèdi nenpòt peman ou te fè pou PSLF oswa sèten prè yo te anile.

Ale sou studentaid.ed.gov pou enfòmasyon sou opsyon sa yo.

Kou ou rezoud oswa konsolide prè ou a, konsidere yon opsyon plan ranbousman ki baze sou revni.

Moun ki gen Prè Etidyan ki Anreta ak Peman yo

Moun ki Gen Prè Etidyan Federal

- Si w bezwen èd touswit, lè ou mete peman yo pou **pita** ak gen yon **peryòd gras** sa pral pèmèt ou sispann fè peman pou prè ou yo. Nan pifò ka, *enterè a ap toujou akimile*. Si fè peman prè chak mwa ou se yon lit, lè ou enskri nan yon plan ranbousman ki baze sou revni, sa ka pi chwa ki pi abòdab alontèm pase si pou w mete li pou pita oswa pran yon peryòd gras.

Moun ki Gen Prè Etidyan Prive

- Kontakte konpayi sèvis ou pou mande enfòmasyon sou opsyon pou bese peman ou oswa pou mete peman yo pou pita tanporèman si ou gen difikilte finansye. Yon lòt opsyon se refinanse pou yon prè ak yon to enterè ki pi ba ak / oswa yon peryòd ranbousman ankò. Ou dwe konnen anpil prè refinanse chaje frè.

Èd Gratis

Jwenn èd gratis pou ranpli Aplikasyon pou Ed Etidyan Federal (FAFSA) ak College Goal NY.

Ale sou www.collegegoalny.org pou jwenn lis kote evènman yo ye.

Jwenn konsèy finansye pwofesyonèl gratis nan yon Sant Otonomi Finansyè Vil New York

Pou fè yon randevou:

Rele 311 | Ale sou sitwèb nyc.gov/dca | Voye yon tèks* nan TalkMoney bay 42033

**Ou ka gen frè done pou peye. Verifye ak founisè sèvis ou sou sa.*

Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè ki jere Sant Otonomi Finansyè Vil New York yo nan yon patenarya ak òganizasyon kominotè yo. Konseye yo resevwa fòmasyon pou ede etidyan yo (potansyèl, aktyèl, ansyen):

- kreye yon bidjè pou peye lekòl;
- konprann ak eksplòre posiblite prè etidyan, tankou fè fas ak prè ansyen elèv ki poko peye nan yon enskripsyon anvan ak / oswa pran prè elèv anplis;
- regle dèt prè etidyan nan koleksyon yo;
- enskri nan peman ranbousman ki baze sou revni pi ba peman chak mwa (moun ki gen prè federal elèv sèlman);
- konprann opsyon pou anile prè a;
- retire tèt ou nan dèt ki anreta.

Konseye yo kapab fè referans bay founisè sèvis jiridik ki pa pou fè pwofi, jan sa nesèsè tou.



Resous

College Board

Ale sou <https://bigfuture.collegeboard.org/pay-for-college/financial-aid-awards/compare-aid-calculator> pou konpare lèt òf èd finansyè yo.

College Navigator

Ale sou nces.ed.gov/collegenavigator pou wè done sou frè lekòl, to gradyasyon, to prè etidyan yo pa peye ak plis toujou.

College Scorecard

Ale sou collegescorecard.ed.gov pou konpare pri mwayen lekòl yo chak ane, to gradyasyon, ak salè apre patisipasyon. Eitou, ou ka konpare dèt mwayen, konbyen etidyan ki gen yon degre peye chak mwa, ak pousantaj etidyan k ap peye dèt yo (yon siy anyen etidyan yo gen mwayen pou peye dèt yo).

Biwo Pwoteksyon Finansyè Konsomatè (Consumer Financial Protection Bureau, CFPB)

Vizite consumerfinance.gov pou:

- Zouti ak resous pou ede ou pran desizyon finansye enfòmè sou peye pou inivèsite.
- Liv Senaryo Ranbouse (enfòmasyon sou plan ranbousman ki baze sou revni) nan https://files.consumerfinance.gov/f/documents/201701_cfpb_payback-playbook-disclosures-revised.pdf

Èd Federal Etidyan (yon pati nan Depatman Edikasyon Etazini)

Ale nan studentaid.ed.gov/sa pou:

- Enfòmasyon sou FAFSA ak padon prè etidyan yo ak pwogram soulajman yo.
- [Glosè](#) mo konsènan prè etidyan.
- Enfòmasyon sou soulajman nan defans pretè ak pou anile prè lekòl fèmen.

Komisyon Komès Federal (Federal Trade Commission, FTC):

Ale sou ftc.gov pou konsèy sou fason pou evite magouy nou wè souvan.

Asosyasyon Nasyonal pou Konsèy Admisyon nan Inivèsite

Ale sou <https://www.nacacnet.org/globalassets/documents/publications/forprofit.pdf> pou jwenn egzanp kesyon pou poze avan ou enskri nan yon lekòl oswa pwogram fòmasyon.

Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè (Department of Consumer and Worker Protection, DCWP)

- Ale sou nyc.gov/studentloans pou tout konsèy:
 - “Anvan ou enskri nan yon lekòl oswa yon pwogram fòmasyon”
 - “Anvan ou pran prè pou etidyan pou tèt ou oswa pou yon pitit”
 - “Lè ou gen prè etidyan”
- Ale sou nyc.gov/dca oswa rele 311 (plent koleksyon dèt).

Kòporasyon Sèvis Edikasyon Siperyè (Higher Education Services Corporation, HESC) Eta New York

Ale sou hesc.ny.gov pou ede ou jwenn inivèsite k ap bon pou ou a. Klike sou “Prepare”.

Depatman Edikasyon Ameriken

Ale sou <https://studentaid.ed.gov/sa/types/loans#considerations> pou yon lis tout bagay pou ou konsidere avan pou pran yon prè pou edikasyon ou.



ATANSYON AK...

Lekòl Kout Ponya

Gen plizyè santèn lekòl ki pa la pou fè pwofi nan Vil New York ki enskri rezidan New York nan klas pou tout bagay soti nan fòmasyon èkondisyone rive nan kosmetoloji tonbe nan teknisyen. Kèk nan yo itilize taktik ki bay anpil presyon lè y ap rekrute epi yo ka twonpe w pou fè ou pran anpil èd finansye epi fè li difisil pou w fini ak diplòm ou a ki fè ou blije pran plis èd.

Magouy nan Bousdetid ak Èd Finansye pou Inivèsite

Anpil magouyè pwofite sou etidyan ak paran kote yo pwomèt yo bousdetid pou peye yon frè davans. Magouyè sa yo pa bay okenn bousdetid epi yo pa pral ranbouse ou frè a. Anpil magouyè fè w peye yon frè pou travay sou aplikasyon an pou elèv la, men "bousdetid" sa yo pa egziste vre.

Magouy "Soulajman Dèt" Prè Etidyan

Magouyè sa yo pwofite sou etidyan yo kote yo bay yo fo pwomès pou jwenn padon pou prè yo nan pwogram federal ki pa egziste vre epi yo fè etidyan yo peye yon frè davans ak frè regilye pou sèvis yo ka jwenn gratis.